



WILLIAM JAMES
COLLEGE

INTERFACE Referral Service

Eske ou poze tèt ou kesyon sou Swen Sante Mantal?

- Ki sèvis pou swen sante mantal ki egziste nan ak ozalantou kominote ou?
- Kijan pou jwenn chemen'w nan sistèm sante mantal ki nan Massachusetts?

Jwenn repons yo nan Sèvis Referans INTERFACE nan Kolej William James

interface.williamjames.edu

Sèvis Referans INTERFACE de Kolèj William James travay pou li ogmante konsyans sou pwoblèm sante mantal ki afekte timoun, fanmi, ak granmoun, e pou li fasilite aksè pou yo jwenn sèvis ki apwopriye. Vizite sit entènèt nou pou plis enfòmasyon ak gid pou kapab ede'w nan pwoesisis rechèch pou sèvis swen sante mantal.

Rele Liy Èd INTERFACE Kolèj William James la

888-244-6843 pou enfòmasyon sou resous ak/oubyen referal founisè sante mantal de yon konseye resous ak referal ki antrene.

INTERFACE[®] yon pwogram de Kolèj Williams James ki sipòte e kolabore pou aksè ak sèvis ak Combined Jewish Philanthropies, Depatment pou Pwoteksyon Moun ak Dezabilite, Ekip Repons pou abi Seksyèl ak Lopital South Shore.

Enfòmasyon
sou Resous

Referans pou
yon Doktè



Kisa pou W Atann Lè W Rele Liy Èd la

INTERFACE se yon liy èd pou jwenn resous ak referans pou swen sante mantal ki kominote nou gen yon kontra ak li pou li kapab ede rezidan nou yo e/ou élèv lekòl piblik yo pou yo kapab konekte yo ak swen sante mantal oubyen resous pou byenèt yo. Pi ba, w'ap jwenn enfòmasyon sou sa ke ou kapab atann ou lè ou rele Sèvis Liy èd pou Referans INTERFACE la:

- 1. Admisyon**—Lè ou rele, w'ap pale ak yon konseye referal pou resous ak referans pou kapab konplete yon admisyon konfidansyèl. N'ap mande'w pou enfòmasyon, ki enkli: imèl ak nimewo telefòn ou, enkyetid pa'w oubyen ptit ou, tip de asirans ou, preferans, preferans ou sou kijan de terapis ou vle ak ki tip de tretman ou vle, enfòmasyon sou kote ou rete, ak ki lè ou disponib pou yon randevou. Admisyon an pran apeprè 15-20 minit. Apre ke admisyon an finn fèt, y'ap ba ou yon nimewo dosye pou kapab sèvi ni nan INTERFACE la ak doktè ke yo matche ak ou. Yo sèvi ak nimewo dosye a pou pwoteje konfidansyalite ou. *Dè fwa nou kapab bay plis oubyen diferan infòmasyon a moun ki rele yo pou kapab satisfè bezwen imedya yo oubyen enkyetid pou sekirite ke yon genyen.*
- 2. Fè yon koneksyon**—Konseye resous ak referans ou ap rantre an kontak ak nou apre kelke jou de kou ke ou te rele a pou yo kapab entwodwi tèt yo e pou yo fè'w konnen ke yo kòmanse chache doktè pou ou. Konseye resous ak referans INTERFACE yo ap sèvi ak enfòmasyon ke ou te bay nan admisyon pou yo chache yon match pou ou ak yon lis de plis de 10,000 founisè ki lisanse e ki verifye ki lokalize nan tout eta.
- 3. Bay koneksyon**—Yon fwa ke nou idantifye yon doktè, yon konseye resous e referal ENTÈFAS ap kontakte'w pou li kapab ba'w non founisè a, kalifikasyon'l, lokasyon ak nimewo telefòn li. Epi y'ap ba ou lyen pou gid nan sit entènèt nou an ki kapab ede'w nan pwosesis pou chèche sèvis. Nou eseye pou nou jwenn o mwens yon match osi vit ke posib; men, dè fwa li pran jiska 3 semèn pou jwenn yon match. Byenke nou fè de meyè nou pou nou jwenn yon match pou ou ak sa ki disponib, dè fwa match la kapab enkli opsyon pou rantre nan yon lis d'atant, paske match yo baze sou kritè ke ou te bay nan admisyon ak disponibilite resous yo.
- 4. Swivi**—Apre ou fin resevwa match yo, youn nan konseye yo pral fè swivi avèk ou nan 1- 2 semèn pou wè si ou te kapab konekte ak founisè a (founisè yo), epi si se wi, kijan bagay yo ap mache. Liy èd Referans INTERFACE travay pou li asire ke ou konekte ak yon bon match.
- 5. Fémen kon referans**—Yon fwa ke nou gen yon match ki reyisi, konseye resous ak referans INTERFACE lan ap fèmen pwosesis referans lan avèk ou. Men, si ou santi ke ou bezwen plis sipò pi devan pou lòt referans oubyen si match la pa mache byen pou nenpòt ki rezon, tanpri konnen ou ka toujou rele Liy Èd la ankò pou detèmine pou pwochen etap pou pran nan pwosesis pou jwenn yon nouvo doktè.

Tanpri vizite interface.williamjames.edu pou plis enfòmasyon, yon lis konplè de kominote ke nou sèvi, ak lè ke nou ouvri. Si nou gen anpil apèl oubyen ou rele lè nou fèmen, n'ap mande'w pou kite yon mesaj ak non'w, kominote kote ou rete ak nimewo telefòn ou e n'ap retounen apèl la osito ke posib. Si ou gentan ap travay ak nou, tanpri kite nimewo dosye a tou.